Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ
Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..

# ИУДЗИНАД

Форум осетинских фамилий

№ 11 март 2025 года
№ 11 2025 азы тæргæйтты мæй

Газета Северо-Осетинского республиканского общественного движения "Иудзинад"
Цæгат Ирыстоны республикон æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы газет

## Номыры кæсут:

4 ÆРКАСТ «Ирон дæн æз»
7 ЕРЫС «Иудзинады Зилахар»
8 ТАУРÆГЪ Фæлмæнзæрдæ

**Литературон фестиваль «Ирон фæндыр»**

# "Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд..."

**2024 азы Ирыстон сбæрæг кодта йæ нæрæмон хъæбул – стыр поэт, ирон литературон æвзаджы бындурæвæрæг ХЕТÆГКАТЫ Къостайы райгуырды 165 азы. Уыцы юбилейы кадæн азы дæргъы арæзт цыдысты бирæ алыхуызон зонадон-рухстауæн конференцитæ æмæ æндæр номарæн мадзæлттæ. Уыдоны ’хсæн сæрмагонд бынат бацахста дунеон литературон фестиваль «Ирон фæндыр». Пози æмæ, æмткæй райсгæйæ, литературæйы уыцы стыр бæрæгбон арæзт æрцыд фыццаг хатт.**

Ноябры кæрон Дзæуджыхъæумæ саккаг кодтой поэттæ æмæ фысджытæ, тæлмацгæнджытæ æмæ литературæиртасджытæ, сфæлдыстады къабазы иннæ минæвæрттæ Хъæрæсе-Черкесийæ, Кæсæг-Балхъарæй, Цæцæнæй, Мæхъхъæлæй, Дагестанæй, Челябинскæй, Екатеринбургæй, Донецк æмæ Мæскуыйæ, Абхаз æмæ Хуссар Ирыстонæй...

Фысымтæ зæрдиагæй бакуыстой фестивалы программæйыл – цалдæр боны дæргъы Ирыстоны уазджытæ æмæ фестивалы иннæ архайджытæн уыд цымыдисаг фембæлдтытæ: «тымбыл стъолтæ» Къостайы поэзийы ахадындзинад æмæ литературон сфæлдыстады фарстатыл, чингуыты презентацитæ, экскурситæ РЦИ-Аланийы Национ музей




æмæ поэты хæдзар-музеймæ... Фысджытæ бабæрæг кодтой Цæгат Ирыстоны паддзахадон университет, студенттæн радзырдтой, Хетæджы-фырты уацмысты тæлмацыл куыд куыстой, уый тыххæй. Фысымтæ æмæ уазджытæ дидинджытæ сæвæрдтой Къостайы ингæныл, æрхæндæг балц сын уыд Беслæны фыццæгæм скъолайы мемориалон комплексмæ... Фестивалы кæронбæттæны та йæ архайджытæн стыр поэтикон изæр уыд Евгений Вахтангойы номыл Уырыссаг академион театры. Зындгонд æмæ райдайгæ поэттæ кастысты Къостайы уацмыстæ, рæгъмæ рахастой сæхи фыст æмдзæвгæтæ дæр.

→ 6



# «Иудзинад»-ы арфæйаг цæдис:

**Рагæй-æрæгмæ адæмы æмвæнд, æмзонд æмгуыстадæй хуыздæр æмæ арфæйагдæр ницы уыд æмæ нæй. Уыцы зонды фæндагыл ирон адæмы хуыдтой нæ разагъды лæгтæ. Иудзинадмæ, рухс æмæ зондмæ тырныны нысанмæ нæ хуыдта номдзыд Хетæгкаты Къоста дæр. Йе 'мдзæвгæ "Балцы зарæджы" хуымæтæджы нæ фыста: "Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ, Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ, Скæнæм нæ тырыса дзыллæйы номæй, Рухсмæ æнæзивæг цомут æнгомæй".**

**Ацы гæлиртæ дуджы, царды зынты сæрты хизгæйæ, ирон адæмæн рухстауæг чи басгуыхт, æмæ ирондзинад, фыдæлты æгъдау æмæ аивады хорзæх, рæстаг зонды фарнимæ, Иры хистæрты, астæуккаг фæлтæр æмæ кæстæрты зæрдæты бæркадджынæй чи тауы, уыцы хæрзгæнæг артдзæстытæй иу у регионалон æхсæнадон змæлд "Иудзинад". Йæ сарæзтыл сæххæст 10 азы.**



Æхсæнадон иугонды юбилейы кадæн Дзæуджыхъæуы бæрæгбæтты зал "Амран"-ы арæзт æрцыд кадджын æмбырд. Архайдтой дзы Цæгат Ирыстоны æхсæнадон организациты минæвæрттæ, ирон мыггæгты хистæртæ, сфæлдыстадон æмæ зонадон интеллигенцийы минæвæрттæ, республикон министрадтæ æмæ ведомствæты бæрнон кусджытæ...

Юбилейон æмбырд йæ арфæйы ныхасæй байгом кодта æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы уæнг **Мамыты Таймураз**.

Мамыты-фырт куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй республикон рухсадон-культурон змæлд "Иудзинад" равзæрд 2014 азы. "Ныр кæм бадæм, уыцы бæстыхайы уыцы аз уыд Ирон мыггæгты форум. Ныхас дзы кодтам, нæ фыдæлты æгъдæуттæ, культурæ æмæ мадæлон æвзаг бахъахъхъæныныл, национ-патриотон æмæ рухсадон змæлды уагæвæрдтыл æнцой кæнгæйæ, ирон адæмы бæллиццаг æмæ фæрныгдæр фидæныл архайдыл", — загъта Таймураз.

Дæс азы размæ цы стыр форум уыд, уый сæйрагдæр уынаффæтæ уыдысты ирон æвзагæн йæ паддзахадон статус æмæ бартæ фæуæрæхдæр кæнын; нæ фыдæлты зæххытæ, нæ табуйаг кувæндæттæ бахъахъхъæнын; фæсивæдæн, цæстуынгæйæ, хъуыддагæй æмбарын кæнын фыдæлты фарн, æвзаг æмæ национ аивады тых æмæ рæсугъддзинад, сæ цардыуагон æмæ удварнон стыр нысан; Дзæуджыхъæуы бæрæгастæу Иудзинады мæсыг самайын (арæзт хъуамæ æрцæуа, хæхбæсты алы ирон мыггæгтæн цы мæсгуытæ ис, уыдонæй хаст дуртæй).

"Цы хæстæ сæвæрдтам нæ размæ, уыдон се 'ппæт сæххæст кæнын, хъыгæн, къухы нæма бафтыд. Зæгъæм, Иудзинады мæсыг æмæ къона саразынæн нын Дзæуджыхъæуы разамынд фæзуат нæма радих кодтой. Нырма æнæлыггонд у ирон æвзагæн йæ бартæ закъоны бындурыл сфидар кæныны фарста дæр. Уæдæ, нæ фыдæлты зæххытæ æмæ æндæр æрдзон хъæздыгдзинæдтæ бахъахъхъæныны тыххæй цы уынаффæтæ рахастам, уыдон дæр нырма царды нæма рацыдысты, – ададдæр кодта йæ раныхас Мамыты-фырт. – Ныфс нæ ис, дунеон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"-имæ нæ тыхтæ æмæ зонд кæй баиу кæндзыстæм, æмæ нæ уæлдæр амынд фæндтæ цæмæй сæххæст уой, нæ республикæйы хицауад сæм цæмæй йæ хъус æрдара æмæ сæ царды рауадза, ууыл иумæ бацархайдзыстæм".

Дæс азы кусы "Иудзинад", æмæ кæд афтæ бирæ рæстæг нæу, уæддæр æхсæнадон змæлды уæнгты хайынц, куыд Цæгат, афтæ Хуссар Ирыстоны скъоладзаутæ дæр.

Ацы рухстауæн конкурсæй хъауджыдæр спортивон ерыс "Иудзинады Зилахар" нырма ног проект у, йæ сæйрагдæр нысан — ирон фыдæлтыккон адæмон хъæзтытæ нæ фæсивæды 'хсæн парахат кæнын. Фыццаг "Иудзинады Зилахар" арæзт æрцыд 2023 азы фæззæджы, Сыгъдæг Уастырджимæ кувæн къуырийы агъоммæ. Ерыстæ уыдысты Горæтгæрон районы Октябрыхъæуы Спорты галуаны, архайдтой сæ иуæндæс мыггаджы командæтæ. Æрыгæтты ерысы фыццаг уæлахиздзаутæ систы Багаты, Бирæгъты æмæ Хуыгаты мыггæгты минæвæрттæ. "Иудзинады Зилахар" куыд цымыдисаг æмæ зæрдæмæдзæугæ рауад, уый хынцгæйæ, ныртæккæ куыст цæуы радон ахæм ерыстæ бацæттæ кæныныл.

Æхсæнадон змæлды бæстыхайы æнтыстджынæй кусынц ирон хореографион æмæ вокалон къордтæ, ис дзы, нымæт æууæрдыныл, цыллæхыз кæлмæрзæнтæ бийыныл æмæ ирон куклатæ аразыныл кæм ахуыр кæнынц, ахæм æрмадз-студи дæр. Æрыгæттæй нæ фыдæлты уадынгæрзтыл цæгъдыныл сахуыр кæнын кæй фæнды, уыдонæн дæр ам ис хорз фадæттæ...

Мыдадз æмæ æндæр аивадон къухы бафтыд бирæ зæрдæмæдзæугæ æмæ фæзминаг, хъомыладон æмæ ахуырадон уагæй ахадгæ хъуыддæгтæ саразын.

Фыццаджы-фыццагдæр, æвæццæгæн, зæгъын хъæуы республикон конкурс "Ирон дæн æз"-ы тыххæй. Ацы цымыдисаг ахуырадон-рухстауæн ерыс азы дæргъы арæзт æрцæуы дыууæ радæй — лæпптутæ æмæ чызджытæн. Хистæр кары скъоладзаутæ ацы конкурсы сæ арæхстдзинад февдисынц сæ мыггæгты равзæрды истори æмæ абоны хабæрттæ, фыдæлты æгъдæуттæ зонынæй, ирон хæринæгтæ кæнынæй, зарынæй, кафын æмæ национ музыкалон инструменттыл цæгъдынæй... Ацы конкурс ныр сси традицион, зæрдиагæй дзы аркуыстадон фæрæзтæй куклатæ æмæ æндæр скульптурон композицитæ чи аразы, уыцы курдиатджын адæймæгтæй иу у **Таутиаты Азæ**. Зæгъæм, уый цалдæр азы размæ мыдадзæй сарæзта номдзыд кадæггæнæг Сланты Гахайы скульптурон ныв, йæ æрмадзы "райгуырдысты" æндæр зындгонд адæймæгты фæлгонцтæ дæр. Азæйы куыстытæн цы равдыстытæ уыд, уым ын аивады дæсныйтæ æмæ адæм скодтой аккаг аргъ. Азæ æнгом æмархайд кæны "Иудзинад"-имæ, йæ зонындзинæдтæ æмæ фæлтæрддзинадæй фæхай кæны рæзгæ фæлтæрæн. "Иудзинад"-ы хъæппæрисæй æрвылаздæр арæзт æрцæуы Цæгат Кавказы адæмты национ куклаты равдыст. Фæархайынц дзы нæ республикæ æмæ нæ алыварс регионты куклаты аивады æрмдæснытæ.

Ирыстоны фæсивæдæй æмдзæвгætæ, радзырдтæ фыссынмæ йæ хъус чи дары, уыцы курдиатджын кæстæртæн æхсæнадон змæлды дæлбар кусы литературон иугонд "Малусæг". Се 'мбырдты ныхас фæкæнынц нæ литературæ æмæ культурæ, стæй аивады рæзтыл.

Æнгом æмæ æнтыстджын у "Иудзинад"-ы æмархайд литературон сфæлдыстады хъуыддаджы РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисимæ, арæх сын вæййы иумæйаг æмбырдтæ, фембæлдтытæ æмæ тематикон изæртæ.

Æхсæнады уæнг, Ирыстоны æцæг патриот **Мæрзойты Тамерланы** æххуысæй мыхуырæй рацыдысты, историон-рухсадон æмæ зонадон-ахуырадон нысаниуæг кæмæн ис, ахæм 70 чиныгæй фылдæр. Зæгъæм, рухс федта Цæгат Кавказы фысджыты уацмысты антологи дæр. Уыцы чингуытæй бирæтæн сарæзтой презентацитæ дæр. Уыимæ, чингуыты тиражты зынгæ хай лæвæрттæй хуызы арвитынц ахуырадон æмæ рухстауæн кусæндæттæм. Æмæ уыцы куыст дарддæр дæр кæндзысты.

Сæрмагонд ныхасы аккаг у, Ирыстоны разагъды лæгты (иутæ сæ дæрдтыл хъуыстгонд сты, иннæтæ — къаддæр зындгонд) кадæн "Иудзинад"-ы номарæн мадзæлтты 'хсæн ныридæгæн монументалон цыртдзæвæн кæй фæзынд, уый. Дзæуджыхъæуы историон кæй — Ирыхъæуы æрæджы æвæрд æрцыд Хуыцауы арфæйæ хайджын адæймаг, Ирыхъæуы цæрджыты низæй чи ирвæзын кодта, йæ уды рауæлдайæ горæты сæрмæ Хуыцауы дзуары кувæндон арæзт кæй фæрцы æрцыд, уый – Гуырцъыты Пипойы цыртдзæвæн (йæ скульптор — Уæрæсейы Нывгæнджыты цæдисы уæнг **Дзукъаты Никъала**)...

"Нæ ныхас æмæ хъуыдытæ адæммæ цæмæй хуыздæр хæццæ кæной, уый тыххæй нæм зæрдигæй сæ цæст дарынц республикон телеуынады каналтæ "Алани" æмæ "Осетия-Ирыстон", газеттæ "Рæстдзинад" æмæ "Северная Осетия", паддзахадон радио "Алани"... Нæ æхсæнадæн ис йæхи газет "Иудзинад" дæр. Йæ алы номыр дæр вæййы иттæг хъæздыг мидисæй æмæ аив бакастæй. Уый тыххæй стыр бузныг зæгъæм йæ редактор **Сланты Асланæн**. Абон дæр немæ ам ис нæ рагон иузæрдион хæлар – зындгонд журналист **Тедеты Индирæ**. Уымæн æмæ не 'ппæт иннæ æмцæдисонтæн дæр бузныг зæгъæм...

→ 3

# хатдзæгтæй — ног нысантæм

2 ←

Алы къуыри дæр цалдæр хатты не 'мбырдтæ аразæн залы фембæлæм Ирыстоны мыггæгты, сыхты "Ныхас"-ты минæвæрттимæ, фæсивæдимæ. Фæдзурæм ирон æвзаг, æгъдæуттæ, национ хиæмбарынады бындурты рæзт æмæ сæ фæлтæртæм хæссыныл. Иу ныхасæй, нæ бирæ хорз фæндтæй сæ кæцыдæртæ царды рауагътам, фæлæ дзы, махæй аразгæ мæ уырны, – йæ арфæйы ныхасы загъта РЦИ-Аланийы адæмон фыссæг, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат **Агънаты Гæстæн**.

Æхсæнад "Иудзинад"-ы уæнг Мæрзойты Тамерлан йæ раныхасы бузныг загъта, сæ бирæвæрсыг ахадгæ архайды сын æххуыс чи кæны, уыцы адæмæн, РЦИ-Аланийы министрадтæ æмæ ведомствæты кусджытæн, фембæлды архайджытæ æмæ уазджытæн.

— Ирыстоны адæмы кæддæриддæр хъуыд æмæ абон дæр цы хъæуы архайд у бафæзминаг æмæ бæллиццаг, — загъта йæ раныхасы нæ республикæйы Фысджыты цæдисы сæрдар **Хозиты Барис**.

Æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы алы уæнг дæр Ирыстоны фидæныл кæй тыхсы, уый тыххæй ныхасæй нæ, фæлæ бæлвырд хъуыддæгтæй нæ ирондзинад, æвзаг æмæ национ хиæмбарынады рæзтыл кæй архайы, стæй ма сæ размæ цы хæстæ ис, уый тыххæй юбилейон æмбырды сæ хъуыдытæ æмæ фæндиæгтæ загътой РЦИ-Аланийы национ политикæ æмæ æддагон бастдзинæдты министры хæдивæг **Къуымæллæгкаты Олег**, æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас"-ы мыггæгты комитеты сæрдар **Æгкацаты Юри**, Хетæгкаты Къостайы номыл Национ-культурон рухсадон центры сæрдар, профессор **Ælборты Иван**, Цæгат Ирыстоны истори æмæ археологийы институты номæй — **Еналдыты Хъазыбег**, æхсæнадон архайджытæ **Сæлбиты Гæирбег**, **Цогойты Тамерлан** æмæ иннæтæ.

Юбилейон кадджын æмбырды кæронбæттæны йæ архайджытæ æмæ уазджытæн арфæ ракодта Мамыты Тамерлан. Уый æмбырды архайджытæ æмæ æхсæнады минæвæрттæм фæсидт, цæмæй æнгомдæр æрбалæууой "Иудзинад"-ы фарсмæ. "Иумæйаг хъарутæй бакусæм ирон адæмы тыхстагдæр фарстатыл, нæ уарзон Ирыстоны рухсдæр фидæныл", — загъта Мамыты-фырт.

Арфæйаг у, нæ "Иудзинад"! Ныфс нæ ис, адæмы фарнæй хайджынæй Ирыстоны сæраппонд дæ фидæны хъуыддæгтæ ноджы хъомысджындæр æмæ ахадгæдæр кæй уыдзысты, уымæй. Уыцы ныфс нын дæтты æхсæнадон змæлды уæнгты хъæппæрисджын архайд, Райгуырæн бæстæ æмæ фыдæлтыккон æгъдæуттыл сæ иузæрдиондзинад…






Къамтæ систа Татьянæ ШЕХОДАНОВА

цы нæу, ахæм къуылымпытæ вæййы, уæддæр архайдзыстæм æмæ иумæйагæй зæрдиагæй кусдзыстæм", — фæбæрæг кодта Мамыты-фырт.

РЦИ-Аланийы адæмон поэт, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат **Дзасохты Музафер** иудадзыгдæр зæрдиагæй фæархайы æхсæнады куысты. Йæ арфæйы ныхасы уый загъта, æхсæнад кæй кæны, ирон адæмы рæзтыл чи ахады, ахæм арфæйаг хъуыддæгтæ. "Ирон æвзагæн йæ абоны уавæр бæллиццаг нæу. Ууыл сагъæс кæнгæйæ, æхсæнад "Иудзинад" бæлвырд хъуыддæгтæй архайы мадæлон æвзаджы райрæзтыл. Уый тыххæй "Иудзинад"-ы уæнгтæй мах хъуамæ уæм бузныг æмæ арфæйаг. Ацы æхсæнады уæнг Мæрзойты Тамерланæн та ма кæнын уæлдай арфæ, мæ чингуытæ цалдæр йæ рæдау æххуысы фæрцы мыхуыры кæй рацыдысты, уый тыххæй", — бафиппайдта Дзасохы-фырт.

— Фондз азы лæууыдтæн нæ республикæйы Фысджыты цæдисы сæргъы. Уыцы рæстæг тынг æнгом куыстам æхсæнад "Иудзинад"-имæ. Иумæ рауагътам Цæгат Кавказы фысджытæ æмæ поэтты уацмысты антологи "Тепло наших сердец". Мидисæй рауад тынг хъæздыг. Сæрмагондæй йыл æрныхас кодтой УФ-йы Фысджыты цæдисы секретариаты. Дзæуджыхъæуы дæр ын уыд стыр презентаци. Афтæ ма Мæрзойты Тамерланы æххуысæй рауагътам цалдæр фыссæгæн сæ уацмысты чингуытæ дæр. Дарддæр дæр æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы архайд ноджы æнтыстджындæр кæй уыдзæн, уый иууыл ахсджиагдæрæй, уый у иудзинад. Ацы æхсæнад дæр "Иудзинад" хуыйны. Бирæ кусынц, цæмæй нæ национ хиæмбарынад рæза æмæ фидар кæна. Ацы змæлд цы архайы, уый та комкоммæ арæзт у нæ ирондзинад æмæ фыдæлты æгъдау, æвзаг, культурæ æмæ аивад, патриотизм рæзын кæныны нысанмæ. Фæсивæды æхсæн конкурс "Ирон дæн æз"-æй уæлдай куы ницы саразтаиккой, уæддæр сæ

**ГАСАНТЫ Валери**

Æрыгæтты æрмдзæф

# Æркаст «Ирон дæн æз»:

**Ирон адæм æдзухдæр сæрыстыр уыдысты фæсивæдæй, æрыгон фæлтæры хуыдтой сæ ныфс, се 'нцой, сæ фидæн. Уымæн ма иу æвдисæн — республикон конкурс-æркаст «Ирон дæн æз». Æрвылаз æй саразы Цæгат Ирыстоны регионалон æхсæнадон змæлд «Иудзинад».**



"Ирон дæн æз, ирон мад мæ ныййардта, мæ фыды ном сæрбæрзондæй хæссын, ирон цæстытæй дунемæ кæсын" — ацы ныхæстæ ныридæгæн сæ туджы ахъардтой конкурс-æркасты архайджытæн: Æрыдоны 3-æм скъолайы ахуырдзау **Плиты Къоста,** Змейкæйы 2-æм скъолайы ахуырдзау **Цæлойты Сæрмæт**, Фарныхъæуы скъолайы ахуырдзау **Джимиты Тимур**, Дзæуджыхъæуы 4-æм гимназы ахуырдзау **Дзæгъойты Арсен**, Сырх-Дыгуры скъолайы ахуырдзау **Хæмыцаты Махарбег**, Октябрыхъæуы 3-æм скъолайы ахуырдзау **Бузойты Сослан**, Николаевскæйы скъолайы ахуырдзау **Хъæдохты Марат**, Алагиры 3-æм скъолайы ахуырдзау **Бутаты Арсен** æмæ Веселæйы хъæуы скъолайы ахуырдзау **Кокойты Эдуардæн**.



Ацы æрыгон лæппутæ царды кæнынц фыццаг къахдзæфтæ, бирæ диссаг лæгдзинæдтæ нæма бафтыд сæ къухы, фæлæ уал арфæ ракодта æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы советы уæнг, жюрийы сæрдар **Мамытты Тамерлан**.

— Ацы хорз хъуыддаг чи æрхъуыды кодта, уыдонæн бузныг зæгъын. Уæвгæ, "Иудзинад"-æн æмбæлы æгас Уæрæсейы, кæнæ сæфт никуы уыдзæн. Ацы фæсивæды чи бацæттæ кодта, уыдонæн уæлдай бузныг. Лæппутæ, уе 'ппæт дæр стут уæлахиздзаутæ! Ног аз рæдау разынæд æмæ нæ бæллицтæ нæ къухы бафтæнт, ацы аз уæлахизхæссæг уæд, — загъта Тамерлан.

Ерысы цы лæппутæ бацыд, уыдоны зонындзинæдтæн аккаг аргъ кодтой жюрийы уæнгтæ: **Еналдыты Хъазыбег, Такъæты Ольгæ, Газайты Зоя** æмæ **Туаты Руслан**.

Цымыдисаг уыд фыццаг æркаст. Алы мыггаджы дæр ис фæзминæгтæ. Фæсивæд дзырдтой сæ мыггаджы истори æмæ абоны царды тыххæй. Сæ зонындзинæдтæ равдыстой, нæ фыдæлтæй нын чи баззад, уыцы ирон бæрæгбæттыл дзургæйæ, стæй та залы бадæг адæмы арæхстджынæй базонгæ кодтой чызгæрвыст æмæ чындзхасты æгъдæуттимæ — хызисæг, къухылхæцæг, чызгæмба-



абон фæзминагæй æвдисынц сæхи, сты ахуыры раззагдæртæ, æгъдауæй, æфсармæй сты хайджын.

Конкурсы архайджытæн дунеон организацийы ном раттын. Мæ зæрдæ рухс кæны ахæм суинаг кæстæртæй, не 'гъдау

лыл цы хæс æвæрд ис, уый бирæтæ абон зонгæ дæр нал кæнынц.

→ 5

# æвзонг удты цæхæр...



Къамтæ систа Татьянæ ШЕХОДАНОВА

4 ←

Иу иннæйы фæстæ лæппутæ хызтысты сценæмæ, ерысмæ сæхи хорз кæй бацæттæ кодтой, уый бæрæг уыд. Уыцы рæстæг жюрийы уæнгтæ та сæ алы æркастæн дæр хатдзæгтæ кодтой.

Уæдæ чи æмбылдта ирон лæджы кафын æмæ зарынæй! Конкурсы радон æмæ кæронбæттæн аивадон æркасты лæппутæ сæ арæхстдзинад равдыстой кафынæй, зæрдæмæхъаргæ æмдзæвгæтæ кæсынæй. Фæлæ алы ерысы дæр сбæрæг вæййынц хуыздæртæ.

Ацы аз республикон конкурс-æркаст "Ирон дæн æз"-ы уæлахиздзаутæ систы æртæ лæппуйы. Сырх-Дыгуры минæвар Хæмыцаты Махарбегæн саккаг кодтой æртыккаг бынат, арфæтæ райста йæ ахуыргæнæг **Годзойты Анжелæ** дæр. Дыккаг бынат райста змейкæйаг Цæлойты Сæрмæт, бацæттæ йæ кодта ахуыргæнæг **Хъыбызты Раисæ**.

Фыццаг бынат æмæ кады гæххæтт раттой Фарныхъæуы астæуккаг скъолайы ахуырдзау Джимиты Тимурæн æмæ йæ ахуыргæнæг **Хуытъинаты Маринæйæн**.

Алыхатт куыд вæййы, афтæ та ныр дæр уæлахиздзаутæ æмæ сæ ахуыргæнджытæн саккаг кодтой æхцайы премитæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæ.




— Ацы рæсугъд бæрæгбон нын чи балæвар кодта, уыцы кæстæртæн бузныг. Рæсугъд сæ бакастæй, рæсугъд се сныхас, хæрзконд, хæрзæгъдау æмæ сæ иууылдæр баиу кодта ирондзинад. Цыма уа уымæй ахсджиагдæр? Бузныг сæ ахуыргæнджытæн, сæ бинонтæн. Фыццаджы-фыццагдæр, ныййарджытæй цæуы ахъæм хъару. Хæдзары мидæг кæстæртæн æгъдау, фарн, рæсугъддзинад куы амоной, уæд сæ фидæн зæрдæхсайгæ нæ уыдзæн. Алы ирон хæдзары дæр ахæм фæзминаг кæстæртæ уæд. Азæй-азмæ тыхджындæр кæнæд "Иудзинад", — загъта Нæкуысаты Иринæ.

Æппæт архайджытæ, сæ ахуыргæнджытæ æмæ ныййарджытæн арфæйы ныхæстæ загътой РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады минæвар **Нæкуысаты Иринæ**, "Иры Стыр Ныхас"-ы сæрдары хæдивæг Туаты Руслан.

— Ацы рæсугъд бæрæгбон нын чи балæвар кодта, уыцы кæстæртæн бузныг. Рæсугъд сæ бакастæй, рæсугъд се сныхас, хæрзконд, хæрзæгъдау æмæ сæ иууылдæр баиу кодта ирондзинад. Цыма уа уымæй ахсджиагдæр? Бузныг сæ ахуыргæнджытæн, сæ бинонтæн. Фыццаджы-фыццагдæр, ныййарджытæй цæуы ахъæм хъару. Хæдзары мидæг кæстæртæн æгъдау, фарн, рæсугъддзинад куы амоной, уæд сæ фидæн зæрдæхсайгæ нæ уыдзæн. Алы ирон хæдзары дæр ахæм фæзминаг кæстæртæ уæд. Азæй-азмæ тыхджындæр кæнæд "Иудзинад", — загъта Иринæ.

Æнæмæнг, уæлдай арфæйы аккаг сты æхсæнадон змæлд "Иудзинад"-ы советы уæнг **Мæрзойты Тамерлан** æмæ йе 'мкусджытæ. Ныр цал æмæ цал хатты зæрдæйæ балæггад кодтой Ирыстонæн, цæмæй йæ омменгæнджытæн, царды фæндæгтыл цæугæйæ, "Ирон дæн æз" сæ бон уа сæрыстыр æмæ сæрбæрзондæй зæгъын...

ГУГКАТЫ Жаннæ

# "Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд..."

1 ⟵

Зæгъæм, бæрæгбæтты центр «Амран»-ы конференц-залы фестивалы архайджытæн цы «тымбыл стъол» уыд, уым бæстон ныхас рауад Къостайы сфæлдыстадон бынты хъомыс æмæ ахадындзинадыл, Уæрæсейы адæмты нырыккон национ литературæйы уавæрыл, тæлмацгæнджытæ æмæ иннæ литературон кусджыты профессион цæттæдзинад æмæ дæсныдзинадыл…

Цæлхæмбырды архайджыты раз раныхас кодтой Хетæгкаты Къостайы номыл Национ зонадон-рухстауæн центры сæрдар, профессор **Æлборты Иван,** Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисы сæрдар **Хозиты Барис**, Челябинскы Культурæйы паддзахадон институты профессор **Нинæ Ягодинцева**, Кавказы фысджыты клубы президент **Миясат Муслимова**, Уæрæсейы Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг **Валерий Латынин** æмæ иннæтæ.

Валерий Латынины хъуыдымæ гæсгæ, Къоста цы уацмыстæ сфæлдыста, поэзийæн цы былдуртæ æрæвæрдта, уыдон ныр систы литературон классикæ, уыдоны æмвæзадмæ хъуамæ тырной, литературæимæ йæ цард сбæттынвæнд чи скодта, уыцы нырыккон автортæ дæр. «Уырыссаг æмæ дунеон классикон литературæйы хæзнаты хъомыс банкъаргæйæ, Хетæджы-фырт фыста, куыд иронау, афтæ уырыссагау дæр. Уыцы æууæл абоны уавæрты уæлдай ахсджиаг у: Уæрæсейы адæмтæ, сæ хæдбындурдзинад æмæ национ культурæ хъахъхъæнгæйæ, хъуамæ уой æнгом иу бинонтау. Ахæм табуйаг нысанты сæраппонд фембæлæм нæ фестивалты дæр, æрдзурæм иумæйаг хъуыддæгтыл», – бафиппайдта Уæрæсейы Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг.

Валерий Латынин Фысджыты цæдисы Арфæйы фыстæджытæй, Кады гæххæттытæ æмæ æндæр хæрзиуджытæй схорзæхджын кодта Æлборты Иваны, Хозиты Барисы, тæлмацгæнæг **Баситы Зæлинæйы**, актер æмæ режиссер **Цæриаты Валерийы**, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы Администрацийы разамонæджы æххуысгæнæг **Бигъуылаты Людмилæйы**, амалхъом æмæ меценат **Мæрзойты Тамерланы…**

Фестивалы сæйрагдæр мадзæлттæй иу, æнæмæнг, сси Хетæджы-фырты уацмысты ног рауагъдты презентаци. Къостайы «Ирон фæндыр» тæлмацгонд æрцыд цалдæр æвзагмæ – авайраг, цæцæйнаг, уырыссаг æмæ францагмæ. Æхсæнадон змæлд «Иудзинад»-ы рæдау æххуысы фæрцы ног чингуытæ рухс федтой фестивалы агъоммæ. Æмæ сын фыццаг аргъгæнæг дæр уыдысты литературæйы уыцы бæрæгбоны архайджытæ.




Фестивалы дыккаг бон фысымтæ æмæ уазджытæ æрбамбырд сты Цæгат Ирыстоны Национ наукон библиотекæмæ, цæмæй ног чингуытæ сæ къухмæ райсой, банкъарой Къостайы поэзийы зæлтæ авайраг, цæцæйнаг æмæ иннæ æвзæгтыл.

Библиотекæйы кусджытæ цы равдыст бацæттæ кодтой, уым равæрдтой поэты уацмысты æмбырдгондтæ, куыд иронау æмæ уырыссагау, афтæ дунейы бирæ æндæр æвзæгтæм тæлмацгондæй. Адæм цымыдисæй равдыстимæ куыд зонгæ кодтой, афтæ æмбырдтæ аразæн залы сæ кадджын бынæттæ бацахстой куырыхон æмæ зындгонд хистæртæ, студенттæ, иннæ ахуырдзау чызджытæ æмæ лæппутæ, поэзи уарзджытæ…

Фембæлды архайджытæн зæрдиаг арфæ ракодта РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдары хæдивæг **Гутнаты Аслæнбег.**

– Алы ирыстойнагæн дæр йæ сабибонтæй фæстæмæ уарзон у Къоста, йæ ном ын дзуары хуызæн фæдзурæм. «Ирон фæндыр» та нын у литературон Библийы хуызæн. Хорз уаид, ноджы фылдæр æвзæгтæм тæлмацгонд куы æрцæуид, – фæнысан кодта Аслæнбег æмæ бузныг загъта фестиваль саразджытæн.

«Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд» – Къостайы ацы ныхæстæй æгасцуай загъта уазджытæн зындгонд ирон фыссæг **Дзасохты Музафер** æмæ ма бафтыдта: «Къостайæн ис райгуырды бон, фæлæ йын нæй мæлæты бон».

– Фестиваль амонддзын къахдзæфтæ акæнæд æмæ бирæ цæрæд, цæмæй йæ фæрцы ноджыдæр ирд курдиатджын фысджытæ раргом кæнæм, – загъта йæ раныхасы Уæрæсейы Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг Валерий Латынин.




Сценæйæ уыцы бон хъуыстысты Къостайы æмдзæвгæтæ алы æвзæгтыл. Тæлмацгæнджытæй алчидæр зæрдæйæ банкъардта ирон поэты рæнхъытæ, бацархайдта алы æвзæгтыл Къостайы поэзийы тæваг ирд æмæ æххæстæй равдисыныл.

– Тæлмац кæнын æнцон хъуыддаг нæу, фæлæ ацы хатт цыма мæ цуры уыд, цыма мын æххуыс кодта Къоста, афтæ мæм каст… Адæмты бартыл хæцæг, Къоста махæн фæдзæхста иумæ хæларæй цæрын, æмæ йын йæ фæдзæхст рох нæ кæнæм, – загъта Дагестаны республикæйы культурæйы сгуыхт кусæг, журнал «Литературный Дагестан»-ы редактор **Тубхат Зургалова**.

Æмбырды раныхас кодтой РЦИ-Аланийы культурæйы министры фыццаг хæдивæг **Рæмонты Маринæ**, республикæйы ахуырад æмæ наукæйы министры хæдивæг **Дзанайты Марк**, Фысджыты цæдис æмæ иннæ сфæлдыстадон иугæндты минæвæрттæ.

«Абон цы фестивалы архайæг стæм, уый ма иу æвдисæн у Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстады стыр ахадындзинадæн, нæ бирæнацион бæстæйы адæмты æнгом иудзинадæн. Цалдæр æвзагыл цы «Ирон фæндыр» федта рухс, уый ма бирæ азты дæргъы рухс кæндзæн поэзи уарзджыты зæрдætæ, фидæны фæлтæрты минæвæртты удты гуырын кæндзæн хæдбындур сфæлдыстады цæхæр, алы адæмты ’хсæн таудзæн хæлардзинады тæгтæ… Стыр бузныг зæгъын, литературæйы ацы стыр бæрæгбоныл чи бакуыста, æппæт уыцы адæмæн. Арфæйы сæрмагонд ныхæсты аккаг сты, Къостайы уацмысты тæлмацыл сыгъдæг удвæллой чи бакодта, уыцы литературтæ», – йæ раныхасы бафиппайдта Рæмонты Маринæ.

Уыцы арфæтимæ Цæгат Ирыстоны Культурæйы министрады кады грамотæтæй хорзæхджын æрцыдысты поэттæ-тæлмацгæнджытæ **Патимат Магомедова, Хайбула Абдулгапуров, Маринæ Кудимова, Андрей Расторгуев, Маринæ Саввиных, Наталья Тимофеева** æмæ **Аннæ Токарева**. Уыдонæй уæлдай, арфæйы фыстæджытæ райстой, «Ирон фæндыр»-ы ног рауагъдтыл чи бакуыста, иннæ уыцы сфæлдыстадон æмæ техникон специалисттæ дæр…

Гъе, ахæм рауад поэзийы фыццаг дунеон фестиваль «Ирон фæндыр». Йæ архайджытæн уыд бирæ æндæр фембæлдтытæ дæр. Ирыстон радон хатт равдыста йæ уазæгуарзондзинад æмæ нæртон бæркад, зæрдæагайгæ æнкъарæнтæ балæвар кодта йæ уазджытæн, поэзи уарджытæн. Литературон бæрæгбон саразджытæ фæнд кæнынц «Ирон фæндыр» æрвылаз аразын. Æмæ ныридæгæн райдыдта дыккаг фестивалмæ цæттæгæнæн архайд.

Ног фембæлдмæ, «Ирон фæндыр»!

**СЛАНТЫ Аслан**

**Поэзийы фыццаг дунеон фестиваль «Ирон фæндыр»-ыл бакуыстой: Хетæгкаты Къостайы номыл Национ зонадон-рухстауæн центр, Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдис æмæ æхсæнадон змæлд Иудзинад»**

Спорты национ хуызтæ

# Ерыс "Иудзинады Зилахар"

**Джеоргуыбайы мæйы бонтæй иуы Дзæуджыхъæуы, Спортивон хъæбысхæстæй цæттæгæнæн центрмæ цы бирæ адæм æрбамбырд, уыдон æвдисæн уыдысты спорты национ хуызтæй республикон ерыстæ «Иудзинады Зилахар»-æн. Уыцы цымыдисаг фæсивæдон турнир Уастырджийы кувæн къуырийы кадæн ныр дыккæгæм хатт арæзт æрцыд æхсæнадон змæлд «Иудзинад» æмæ иугонд «Ирон федераци»-йы хъæппæрисæй.**



Зындгонд куыд у, афтæмæй спорты национ хуызтæй ирон мыггæгты 'хсæн фыццаг республикон ерыстæ "Иудзинады Зилахар" сарæзтой 2023 азы фæззæджы. Уыцы турнирмæ цæттæгæнæн архайд фæрæстмæ — ерыстæ рауадысты цымыдисаг æмæ зæрдæзæгъгæ. Уæд фæндон бахастæуыд, цæмæй "Иудзинады Зилахар" арæзт цæуа æрвылфæззæг дæр, Уастырджийы кувæн къуырийы агъоммæ.

Уыцы фæндон зæрдыл даргæйæ, "Иудзинад" æмæ "Ирон федераци" бакуыстой дыккаг турнир бацæттæ кæнынил дæр. Уыимæ, "Иудзинады Зилахар"-ы ахадындзинад хынцгæйæ, ацы хатт сæ фарсмæ балæууыдысты дунеон æхсæнадон змæлд "Иры Стыр Ныхас" æмæ РЦИ-Аланийы Физикон культурæ æмæ спорты министрад дæр.

Афтæмæй ралæууыд ерысты бон. Нысангонд рæстæгмæ спортивон центрмæ æрбамбырд дзæвгар адæм — ерысгæнæг командæтæй уæлдай, бынатмæ саккаг кодтой сæ фарсхæцæг спортуарзджытæ дæр. Залыл зæлыд ирон фæндырдзагъд, ирон уæздан ныхас... Алы командæ дæр — хи сæрмагонд уæлæдарæсы — дардмæ бæрæг дардтой иу бакастæй. Æртæ чъири æмæ бæгæныйы кæхцимæ хистæры ракуывдæй райдыдта ирондзинады, æхсар æмæ фæсивæдон хъомысы бæрæгбон.

Ерыстæм сæ командæты баминæвар кодтой 10 мыггаджы: **Абайтæ, Багатæ, Бирæгътæ, Гаглойтæ, Дзæгъойтæ, Туатæ, Хетæгкатæ, Хуыбиатæ, Хуыгатæ æмæ Цгъойтæ.** Æмткæй райсгæйæ, ерысты архайдтой, 18 азæй 35 азы онг кæуыл цæуы, ахæм фæсивæд сæдæйы бæрцæй. Сæ арæхстдзинадæн та сын аргъгæнæг уыдысты тæрхонгæнджытæ æмæ жюрийы уæнгтæ.

Ерысты номхыгъды уыдысты спорты ахæм хуызтæ: дур æппарын, чъоппæй хъазын, ивазæнтæ, бастæй хæст, фат æхсын æмæ хъил ивазын (фыццаг турниры дисциплинæтæ уыдысты фондз, ныр ма сыл бафтыд иу спортивон хуыз). Ерысы фондз хуызæй тыхджындæртæ æвзæрст цыдисты лæгæй-лæгмæ тохы, æхсæзæм хуызы та — командон уагæй.

Уымæй уæлдай, алкæцы командæйы хæс дæр уыд сæ разын мыггаджы презентаци — радзурын йæ равзæрды, йæ зынгæдæр минæвæртты тыххæй...

Афтæмæй хæлттæппарæны фæстæ бацайдагъд лæппуты ерыс... Кæй зæгъын æй хъæуы, алкæцы мыггаджы минæвар дæр архайдта, йæ хъарутыл нæ ауæрдгæйæ, йæ ныхмæлæууæгыл фæуæлахиз уæвыныл. Трибунæтыл чи бадт, уыцы адæм æмæ командæты иннæ уæнгтæ дæр-иу сæ разæнгард кодтой ныфсы ныхæстæ æмæ тыхджын къухæмдзæгъдæй.

Афтæмæй сбæрæг сты ерысты æппæт хуызты уæлахиздзаутæ дæр.



Зæгъæм, дур æппарынæй тыхджындæр разындысты: **Дзæгъойты Сослан** (фыццаг бынат), **Туаты Ацæмæз** (дыккаг бынат) æмæ **Абайты Мурат** (æртыккаг бынат).

Чъоппæй хъазынæй: **Хуыгаты Вадим** (фыццаг бынат), **Хетæгкаты Алан** (дыккаг бынат) æмæ **Гаглойты Тимур** (æртыккаг бынат).

Ивазæнтæй: **Дзæгъойты Давид** (фыццаг бынат), **Абайты Азæмæт** (дыккаг бынат) æмæ **Хуыбиаты Ирбег** (æртыккаг бынат).

Бастæй хæстæй: **Гаглойты Сослан** (фыццаг бынат), **Хуыбиаты Гига** (дыккаг бынат) æмæ **Бирæгъты Давид** (æртыккаг бынат).

Фат æмæ æрдынæй æхсынæй: **Хуыгаты Сослан** (фыццаг бынат), **Дзæгъойты Алыксандр** (дыккаг бынат) æмæ **Хуыбиаты Марат** (æртыккаг бынат).

Хъил ивазынæй командон ерысты та хуыздæрты номхыгъд рауад ахæм: **Хуыгатæ** (фыццаг бынат), **Хуыбиатæ** (дыккаг бынат) æмæ **Бирæгътæ** (æртыккаг бынат).

Уыимæ, алкæцы командæйы кæронбæттæн хыгъдмæ, комкоммæ спортивон ерысты бæрæггæнæнтæй уæлдай, уæлæмхасæн баллтæ æфтыд цыдисты мыггаджы презентацийы тыххæй дæр.

— "Иудзинады Зилахар"-ы фыццаг турниры нæ мыггаджы минæвæрттæ нæ архайдтой. Уыцы æууæл нæм хардзау æркаст, æмæ ныр бацархайдтам иннæ мыггæгты æмрæнхъ ерысы балæууыныл. Нæ командæйæн кæд ацы фæлварæн фыццаг уыд, уæддæр Дзæгъойты лæппутæ сæхи хъаруджынæй равдыстой, кæцыдæр хуызты уæлахиздзаутæ дæр систы, — йе 'нкъарæнтæ раргом кодта мыггаджы хистæртæй иу — **Дзæгъойты Вячеслав.**

Афтæмæй ерыс къæпхæнгай æрцыд йæ кæронмæ. Алкæцы дисциплинæйы тæрхонгæнджытæ сæ суагъæтæ бафыстой æмæ балæвæрдтой жюрийы уæнгтæм. Æппæт бæрæггæнæнтæм дæр бæстон æркæсгæйæ, алкæцы командæйы уæнгты арæхстдзинад дæр раиртасгæйæ, жюри йæ уынаффætæ фехъусын кодта.

Кæронбæттæн хатдзæгтæ рауадысты ахæм: **Хуыгаты мыггаджы командæ** (фыццаг бынат), **Дзæгъойты мыггаджы командæ** (дыккаг бынат) æмæ **Хуыбиаты мыггаджы командæ** (æртыккаг бынат).

Фæстæдæр уæлахиздзаутæ æмæ призертæн саккаг кодтой дипломтæ æмæ æхцайы премитæ. Афтæ, фыццаг бынат бацахсæг командæйы приз уыд 80 мин сомы, дыккаг бынатæн — 55 мины æмæ æртыккаг бынатæн — 30 мин сомы. Арфæйы ныхæстæ сæмбæлдысты иннæ командæты уæнгтыл дæр — уыдон дæр уыдысты арæхстджын, равдыстой уæлахизмæ тырнындзинад...

**КАЛМАНТЫ Аслан**

## Нывгæнæджы цæстæй



— Сиахсы мадыфсымæры хойы чызджы чызгæн... къабайаг...

СЛАНТЫ Русланы конд ныв

## Бакæс, базон

# Æппæты цыбырдæр фыстæг

Францаг фыссæг Виктор Гюгомæ 1862 азы чиныгуадзæнæй фæхабар кодтой, йæ роман «Отверженные» мыхуырæй кæй рацыд, уый тыххæй.

Уыцы рæстæг фыссæг уыд йæ фæллад уадзынмæ. Фæлæ йæ уæддæр бафæндыд æвæстиатæй базонын, чиныгкæсджытæ ног романмæ цы ахаст равдыстой, уый. Æмæ чиныгуадзæгмæ арвыста телеграммæ. Уыд дзы æрмæстдæр иу нысан – «?». Чысыл рæстæдджы фæстæ дзуаппæн цы фыстæг райста, уым дæр уыд æрмæстдæр иу нысан – «!».

Æвæццæгæн, уыдон дунейы посты историйы уыдысты æппæты цыбырдæр фыстæджытæ.

# Чингуытæ сыгъдæг сыфтимæ

Иуафон ирландийаг фыссæг æмæ драматург, Нобелы премийы лауреат Бернард Шоуйы бафарстой, зæгъгæ, æдзæрæг сакъадахмæ йæ ацæуын куы бахъæуа, уæд цавæр 5 чиныджы ахæссид йемæ. Шоу радта цыбыр дзуапп: «Ахæссин 5 чиныджы зыбыты сыгъдæг сыфтимæ».

Цымыдисаг куыннæ у: фæстæдæр, 1974 азы, литераторы фæндон сæххæст кодта иу рауагъдад – уым мыхуыры рацыд «Æнæфыст чиныг» (уыд дзы 192 сыгъдæг сыфы). Куыд рабæрæг, афтæмæй чиныгæн разынд бирæ æлхæнджытæ. Уыимæ ма йæ фæстæдæр цалдæр хатты ногæй рауагътой.



## Нырыккон таурæгъ

# Фæлмæнзæрдæ

Ивгъуыд æнусы 90-æм азты фæлхæст рæстæг... Кæддæры цæргæ бинонтæ не ссардтой сæхи ног дуджы. Бинонты хистæр æнафон йæ адзал ссардта. Рынчын мад йæ чызгимæ баззад. Куысты бынат ссарæн нал уыд, стæй йæ рынчын мады разæй искуыдæм ацæуыны фадат дæр нæ уыд æрыгон чызгæн. Афтæмæй тыхцæрдтытæ кодтой.

Уæдмæ Хуссар Ирыстоны змæстытæ дæрдтыл анхъæвзтысты, тыхст адæм Цæгатмæ лыгъдысты. Иуафон мад æмæ чызджы хæдзары дуар бахостой лыгъд адæм, рæстæгмæ нæ фатеры бауадзут, зæгъгæ. Афтæ, хæдзары мæгуырдзинадыл бафтыдысты ноджыдæр ма иу тыхст бинонтæ.

Рæстæг цыд. Фатерисæг бинонты хистæр лæппу йæ цæст фысымты чызгыл æрæвæрдта, фæсайдта йæ. Иу бинонты цард кæнын райдыдтой. Уæдмæ сын райгуырд дыууæ лæппуйы. Лæгæн, куыд йæ бон уыд, афтæ цардæн амæлттæ кодта, фæлæ къухы ницы уый бæрц æфтыд...

Уæд бинонтæ фæстæмæ Хуссармæ цæуынвæнд скодтой. Нæлгоймаг йæ бинойнагæн загъта: «Ам куыст нæй, æмæ уым куы æрбынæттон уон, уæд уæ уырдæм аласдзынæн. Нырма та уал уын æхцайы фæрæзтæ æрвитдзынæн». Уый адыл лæгæн йæ кой нал райхъуыст. Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй йæ чидæр амардта.

Йæ афон райгуырд æртыккаг сывæллон дæр – чызг. Æрыгон сылгоймаг йæ рынчын мад æмæ æртæ сывæллоныл сагъæсæй йæхицæн удæнцой нал ардта, йæ тыхстдзинæдты уаргъ ыл бынтондæр æртыхст. Мæ сывæллæттæ цы бахæрой, зæгъгæ, йæхи цæссыгæй æхсадта. Бынтондæр Къостайы "Сидзæргæсы" уавæры бахауд. Заманмæ гæсгæ, хæдзар æнæ дон æмæ æнæ рухсæй баззад, сæ фиддонтыл не 'ххæссыдысты, æмæ сын сæ хæтæлтæ алыг кодтой.

Хъæубæстæ æмæ дард хиуæттæ бинонтыл былысчъил кæнын райдыдтой, æрыгон сылгоймагæй сæхи иуварс айстой, дзæгъæлзад ныккодта йæ сывæллæтты, зæгъгæ.



Хъæуы цæрджытæй чидæртæ тæригъæд кодтой бинонтæн, сæ мæгуыр бызгъуыртæ-иу сын баппæрстой. Фæлæ уый дæр цастæ æххуыс уыд? Зæронд усы пенси дзулы фаг дæр нæ кодта. Æххормаг сывæллæттæ арæх рынчынтæ кодтой...

Афтæ рæстæг цыд. Иуафон бинонты дард хиуæттæй иу лæг амард. Æгъдаумæ гæсгæ куыд æмбæлд, афтæ æрыгон сылгоймаг мардмæ ацыди. Мæрддзыгой адæмы астæу куы 'рлæууыд æрыгон мад, уæд æм уым фæкомкоммæ иу нæлгоймаг. Уый йæ бинонтимæ цард Мæскуыйы, фæлæ зианы хабары фæдыл сæмбæлд Ирыстонмæ. Ахæм мæгуыр арæзт сылгоймаг никуы федта. Йæ цæстытыл дæр бæрæг уыд, сылгоймаг мардыл нæ, фæлæ йæхиуыл, йæ хъизæмайраг хъысмæтыл кæй куыдта, уый.

Мард куы ахастой, уæд лæг зонгæтæй кæйдæр афарста, ацы сылгоймаг чи у, зæгъгæ? Куыд ын рахабар кодтой, афтæмæй сылгоймаг разынд йæ дард хион. Уæд уый сылгоймаджы иуварс акодта æмæ йæ афарста, цæмæн бахауд ахæм уавæры, уымæй. Æрыгон мад йæ хабæрттæ ракодта. Дард хион æй хæдзармæ баласта. Нæлгоймаг сывæллæтты уавæр куы федта, уæд йæ кæуын нал урæдта. Нал бакуымдта йæ зæрдæ фæстæмæ йæ бинонтæм аздæхын, ныууагъта йæ хъуыддæгтæ.

Уый адыл сфæнд кодта бинонтæн баххуыс кæнын. Бафыста сын се 'ппæт хæстæ дæр, цыбыр рæстæгмæ хæдзар ногæй баиу кодтой доны, газ æмæ рухсы хæтæлтæм. Уыцы хъуыддæгтæ куы бакодта лæг, уæд фæстæмæ Мæскуымæ ацыд, фæлæ уырдыгæй дæр бинонтæн бонцухæй машинæйы дзагæй æрвыста хæринаг æмæ уæлæдарæс, сарæзта сын ног уæттæ, сцалцæг сæ кодта... Мæгуыр сабиты раздæр се 'хсæнмæ хъазынмæ дæр чи нæ уагъта, уыцы сыхаг сывæллæттæ ныр къафетт æмæ æндæр адджинæгтæй сæхи æфсæстой.

Кæй зæгъын æй хъæуы, хъæуыл айхъуыстысты хабæрттæ. Адæм дам-думтæ кодтой: ацы худинаггæнæг хинтæ æмæ кæлæнтæй кæйдæр асайдта æмæ йын ныр æххуыс кæны.

Хъæуы ныхасмæ дæр бахæццæ сты уыцы хабæрттæ. Нæлгоймæгтæй бирæтæ загътой: ау, нæ фидиссаг æмæ сæфтытæн ахæм уавæртæ куы аразæм, уæд иннæтæ дæр уыдоны нæ фæзмдзысты?

Хъæуы хистæр бирæ фæхъуыста уыцы ныхæстæм, стæй загъта:

"Зæгъут-ма, мæ хъæуккæгтæ, чи уæ равзæрста йæхæдæг мыггаг кæнæ ныййарджытæ? Чи уæ равзæрста йæхицæн, кæцы бинонты 'хсæн райгуыра, уый? Ничи æмæ никуы... Уæдæ уыцы æртæ сывæллоны цæмæй фæаххосджын сты адæмы раз? Уыдоны дæр фæрсгæ ничи бакодта. Æмæ кæд мах адæм стæм, уæд нæ комдзаг нæ хъуыры куыд цыди, уыдоны мæгуыр уавæр куы уыдтам, уæд? Бирæтæй ферох фыдæлтыккон æгъдау – фыццагдæр сидзæртæ æмæ мæгуыртæн баххуыс кæнын хъæуы. Сæ зæрдæтæм сын марг ма бауадзын, фæлæ сæ хи хъæбултау барæвдауын, цæмæй фидæны адæмæн уой ныфс. Уыцы фæтк хорз æмбæрстой адæм. Зæгъгæ, уыдоны ма бахъахъхъæн, уæд сæ райсом абырджытæ æмæ лæгмартæ рауайдзæн... Иу ныхасæй, куыд рабæрæг, афтæмæй не 'ппæт дæр стæм дурзæрдæтæ. Уыцы амалхъом лæджы риуы та ис фæлмæнзæрдæ. Æмæ фыдгойы бæсты уыцы адæймагæн хъæубæсты номæй стыр арфæ ракæнын æмбæлы".

**Фæдисон**

ИУДЗИНАД
Учредитель ООО "Сэвэр"

Редактор
Аслан СЛАНОВ
Редакционный совет:
Тамерлан МАРЗОЕВ, Сергей ТАБОЛОВ, Алан ТУАЕВ, Тамерлан ЦГОЕВ

Тираж 999
Заказ № 290
Время подписания в печать: по графику — 19.00. фактически — 18.00.
Бесплатно

➢ При перепечатке материалов ссылка на "Иудзинад" обязательна.
➢ Мнение редакции не всегда совпадает с мнением авторов.
➢ Ответственность за достоверность материалов несут авторы.

Адрес редакции и издателя:
362040, РСО — Алания, г. Владикавказ, ул. Маркова, 28.
Тел.: 50 — 12 — 24.
**email:** o.d.iudzinad@gmail.com **сайт:** www.iudzinad.ru
Отпечатано в АО "Осетия — Полиграфсервис"
Адрес типографии: РСО — Алания, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.